**दिन–बुधवार** **दिनांक–20.11.2024**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

राजगीर मे खेलल गेल एशियन महिला हॉकी ट्रॉफी भारत जीत लेलक। शानदार प्रदर्शन करैत भारत दिस सँ दीपिका पेनाल्टी कार्नर सँ गोल कयलनि। भारक के ई जीत एक शून्य सँ प्राप्त भेल। फाइनल मोकाबिला के लऽकऽ भारतीय प्रशंसक लोकनिक उत्साह चरम पर देखल गेल। ई खेल देखबाक लेल भारी संख्या मे लोक राजगीर पहुंचलाह।

---

मैच शुरू हेबा सँ पूर्व केन्द्रीय खेल मंत्री मनसुख मांडविया भारतीय टीमक शानदार प्रदर्शन पर प्रसन्नता व्यक्त कयलनि अछि। श्री मांडविया आइ महिला हॉकी चैम्पियन्स ट्रॉफी मे खेलाड़ी सभक उत्साह बढ़ेबाक लेल राजगीर पहुँचलाह। केन्द्रीय खेल मंत्री मनसुख मांडविया, उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी, जल संसाधन मंत्री, विजय कुमार चौधरी समेत हॉकी संघक वरिष्ठ पदाधिकारी लोकनि मैच सँ पहिने दुनू टीमक खेलाड़ी सँ परिचय प्राप्त कऽ हुनक अभिवादन कयलनि।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ पटनाक अधिवेशन भवन मे आयोजित कार्यक्रम मे सक्षमता परीक्षा पास शिक्षक लोकनि के विशिष्ट शिक्षकक रूप मे नियुक्ति पत्र प्रदान करबाक औपचारिक शुरूआत कयलनि। एकर अंतर्गत एक लाख चौदह हजार एक सय अड़तीस शिक्षक के नियुक्ति पत्र प्रदान कयल गेलनि। एहि मे अंठानवे हजार तीन सय उनचास प्रारम्भिक शिक्षक, बारह हजार पाँच सय चौबीस माध्यमिक शिक्षक आ तीन हजार दू सय पैंसठि उच्च माध्यमिक शिक्षक सम्मिलित छथि। श्री कुमार स्वयं किछु शिक्षक के नियुक्ति पत्र देलनि। जखनकि शेष शिक्षक के प्रखंड आ जिला स्तर पर नियुक्ति पत्र देल गेल।

समस्तीपुर, मधुबनी, दरभंगा, सहरसा, सुपौल सहित आनो–आन जिला सँ शिक्षक लोकनि के विशिष्ठ शिक्षकक रूप मे नियुक्ति पत्र प्रदान करबाक संवाद प्राप्त भेल अछि।

———————————————————————

प्रदेश मे सत्तरि वर्ष सँ बेसी उमिरक वरिष्ठ नागरिक लोकनिक आयुष्मान वय वंदना कार्ड बनेबाक लेल आइ सँ विशेष अभियान शुरू कयल गेल। स्वास्थ्य मंत्री मंगल पांडेय पटना नगर निगमक सभ पचहत्तरि वार्ड मे ई अभियान शुरू कयलनि। ओ कहलनि जे बारह दिसंबर धरि ई अभियान चलत। श्री पांडेय जनौलनि जे जन वितरण प्रणालीक सभ दोकान, कॉमन सर्विस सेंटर आ शहरी क्षेत्रक वार्ड कार्यालय मे शिविर लगाकऽ आयुष्मान वय वंदना कार्ड बनाओल जायत।

———————————————————————

उत्तर पछवा हवाक प्रभाव सँ प्रदेशक अधिकांश भाग मे तापमान मे थोड़ेक कमी दर्ज कयल गेल अछि। मौसम विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे अगिला तीन दिन मे सुपौल, अररिया, किशनगंज आ मधेपुरा समेत प्रदेशक उत्तर–पूर्वी भाग मे कतेको ठाम सवेर आ सांझ मे मध्यम स्तरक कुहेस लागल रहत। विभाग आइ सँ पूरबा हवा चलबाक संभावना व्यक्त कयलक अछि। जाहि कारणे प्रदेशक अधिकांश क्षेत्र मे औसत तापमान मे कनेक वृद्धि दर्ज कयल जा सकैत अछि।

———————————————————————

बक्सर जिला मे आइ सँ वार्षिक पंचकोसी परिक्रमा यात्रा मेला शुरू भऽ गेल। परिक्रमा यात्राक पहिल दिन आइ पैघ संख्या मे श्रद्धालु लोकनि रामरेखा घाट पर गंगा नदी मे पवित्र स्नान कयलनि। स्नानक बाद श्रद्धालु लोकनि अहिरौली धाम पहुँचलाह। यात्राक दोसर दिन काल्हि श्रद्धालु नदांव स्थित नारदमुनि आश्रम जयताह। धार्मिक मान्यताक अनुसार त्रेता युग मे भगवान राम बक्सरक अहिरौली, नदांव, भभुअर, बड़का नुआंव, चरित्रवन मे परिक्रमा यात्रा कयने छलाह। प्रशासन श्रद्धालु लोकनिक सुविधा आ सुरक्षाक व्यापक प्रबंध कयलक अछि।

———————————————————————

दरभंगा मे जिला पदाधिकारी राजीव रौशनक अध्यक्षता मे रबी मौसम मे बिहार राज्य फसल सहायता योजनाक अंतर्गत आवेदक किसान के पुनः सत्यापनक लेल जिला स्तरीय समन्वय समितिक बैसार आयोजित कयल गेल।

———————————————————————

मधुबनी मे जिला पदाधिकारी अरविन्द कुमार वर्मा सदर अस्पताल सहित आनो अस्पतालक औचक भ्रमण कऽ काज सभक जनतब लेलनि।

———————————————————————

पश्चिम चंपारण जिलाक रामनगर मे हरिनगर सुगर मिल मे एहि वर्षक कुसियार पेराई आइ सँ शुरू भऽ गेल।

———————————————————————

बेगूसराय जिलाक बरौनी स्थित एनटीपीसी चौदहम पीआरसीआई एक्सेलन्स अवार्डस्क श्रृंखला मे तीन पुरस्कार प्राप्त कयलक अछि।

———————————————————————

समाप्त